



Avi sou konfidansyalite

Enfòmasyon ou yo.

Dwa ou yo.

Responsablite ou yo.

Avi sa a dekri kòman enfòmasyon sou sante w gendwa itilize epi pataje e kòman ou ka wè enfòmasyon sa yo. Tanpri, revwa avi sa a avèk anpil atansyon.

Dwa ou yo	Ou gen dwa pou w : • Resevwa yon kopi dosye medikal ou a sou papye oubyen sou fòm elektwonik. • Koriye dosye medikal ou a sou papye oubyen sou fòm elektwonik. • Mande pou gen kominikasyon konfidansyèl. • Mande n limite enfòmasyon nou pataje. • Resevwa lis moun avèk ki nou pataje enfòmasyon ou yo. • Resevwa yon kopi avi sou konfidansyalite sila. • Chwazi yon moun pou aji onon de oumenm. • Depoze yon plent si w estime gen vyolasyon dwa sou konfidansyalite ou yo.	► Gade nan paj 2 e paj 3 pou plis enfòmasyon siplemantè sou dwa sa yo e kòman pou egzèse sa yo.
Chwa ou yo	Ou gen kèk chwa sou sa ki konsène jan n itilize e pataje enfòmasyon lè n ap : • Detèmine si n ka enfòme fanmi w e zanmi w sou eta sante w. • Founi sekou sizoka gen yon katastwòf. • Founi swen pou sante mantal. • Komèsyalize sèvis nou yo e vann enfòmasyon ou yo. • Leve fon.	► Gade nan paj 4 pou plis enfòmasyon siplemantè sou chwa sa yo e kòman pou egzèse chwa sa yo.
Itilizasyon e pataj nou fè	Nou gendwa itilize e pataje enfòmasyon ou yo lè n : • Ba w tretman e dirije òganizasyon nou an. • Faktire pou sèvis ou resevwa. • Ede nan sa ki konsène sante e sekirite piblik. • Fè rechèch. • Konfòme avèk lalwa, pousuit jidisyè, e aksyon devan lajistis. • Reponn nan demann pou don ògàn e don tisi. • Travay avèk yon medsen lejis oubyen direktè ponp finèb. • Reponn demann workers compensation, fòs de lòd, e lòt demann gouvènmantal.	► Gade nan paj 5 pou plis enfòmasyon siplemantè.

Dwa ou yo

Pou sa ki konsène enfòmasyon sou sante w, konnen ou gen sèten dwa. Seksyon sila eksplike dwa ou yo e kèk nan responsablite nou yo pou n ede w.

« Nou » e « n » nan avi sou konfidansyalite a reprezante entèvenan e moun ki site annapre la :

- Tout pwofesyonèl swen medikal ki otorize mete enfòmasyon nan dosye w la.
- Tout founisè swen ki manm estaf entèvenan.
- Tout manm pèsònèl entèvenan yo, sa gen ladan anplwaye, estaf, benevòl e lòt manm nan pèsònèl sant swen an.

Resevwa yon kopi dosye medikal ou sou papye oubyen sou fòm elektwonik

- Ou ka mande wè oubyen resevwa, sou papye oubyen sou fòm elektwonik, yon kopi dosye medikal ou oubyen lòt enfòmasyon sou sante nou gen sou ou. Mande n kòman pou ou ka fè sa.
- N ap ba w yon kopi oubyen yon rezime enfòmasyon sou sante w, jeneralman sou 30 jou apre w fè demann lan. Nou gendwa faktire frè rezonab, baze sou tarif.

Mande pou n korije dosye medikal ou

- Ou ka mande pou n fè koreksyon enfòmasyon sou sante w ou kwè pa kòrèk oubyen pa konplèt. Mande n kòman pou fè sa depi w sèvi avèk enfòmasyon ki make sou dènye paj la.
- Nou gendwa di « non » pou demann ou fè a, men n ap ba w rezon an alekri sou 60 jou.

Mande pou gen kominikasyon konfidansyèl

- Ou ka mande pou n kontakte w yon sèten jan (pa egzanp, nan nimewo telefòn lakay ou oubyen nan travay ou) oubyen voye imèl nan yon diferan imèl.
- N ap di « wi » pou tout demann rezonab ki fèt.

Mande n gen limit sa nou itilize oubyen pataje

- Ou ka mande n pa itilize oubyen pataje sèten enfòmasyon sou sante w pou kesyon tretman, peman, oubyen operasyon nou yo. Nou pa gen obligasyon pou n dakò avèk demann ou fè a, e nou gendwa di « non » si l ap ajì sou swen ou resevwa.
- Si w peye oumenm pou tout montan sèvis oubyen swenyaj, ou ka mande pou n pa pataje enfòmasyon sa yo avèk konpayi asirans medikal ou a pou peman oubyen operasyon nou yo. N ap di « wi » amwenske lalwa egzije pou n pataje enfòmasyon sa yo.

Resevwa lis moun avèk ki nou pataje enfòmasyon	• Ou ka mande yon lis (kontrandi) sou lè nou pataje enfòmasyon sou sante w pandan sis lane anvan dat ou fè demann lan, avèk kiyès nou pataje enfòmasyon yo e pouki. • N ap mete ladan tou tout pataj eksepte sa ki konsène tretman, peman e operasyon swen sante, e sèten lòt pataj (tèlke sa ou mande pou nou pataje). N ap ba w gratis yon kontrandi chak lane, men ap gen frè rezonab si w mande pou yon lòt sou 12 mwa apre.
Resevwa yon kopi avi sou konfidansyalite sila	• Ou ka, nenpòt lè, mande pou w resevwa yon kopi avi sa a sou papye menm si ou te dakò pou w resevwa avi a sou fòm elektwonik. N ap rapidman ba w yon kopi sou papye.
Chwazi yon moun pou aji onon de oumenm	• Si w bay yon moun yon pwokirasyon medikal oubyen si yon moun responsab legal ou, moun sa gen dwa fè chwa pou ou sou sa ki konsène enfòmasyon medikal ou yo. • N ap asire moun sa a gen otorizasyon aji pou ou anvan n pran yon mezi.
Depoze yon plent si w estime gen vyolasyon dwa ou yo	• Ou ka depoze plent si w estime nou fè vyolasyon dwa ou yo depi w ap kontakte : Chèf konfòmite entèvenan yo (Advocates Chief Compliance Officer) 1881 Worcester Road Framingham, MA 01701 Ou ka depoze yon plent avèk U.S. Department of Health and Human Services Office for Civil Rights depi w voye yon lèt sou sa nan adrès 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201, oubyen lè w sonnen 1-877-696-6775, oubyen monte nan www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints/. • Nou pa p pran okenn reprezay kont ou pou yon plent ou depoze.

Chwa ou yo

Pou sèten enfòmasyon sou sante w, ou ka di n chwa ou yo sou sa pou nou pataje.

Si w gen yon preferans sou kòman nou pataje enfòmasyon ou yo nan sitiyasyon ki make annapre a, ou dwe kontakte n. Di nou sa w vle pou nou fè, e n ap suiv enstriksyon ou yo.

Nan sitiyasyon sa yo, ou gen toude dwa e chwa pou w di n :

- Pataje enfòmasyon avèk fanmi w, zanmi pwòch, oubyen lòt moun ki angaje nan swen ou resevwa.
- Pataje enfòmasyon nan yon sitiyasyon sekou sizoka gen yon ijans.

Ou pa an mezi pou w di n sa w pito, pa egzanp, si w pèdi konesans, nou gendwa pataje enfòmasyon ou yo si n kwè sa nan bon enterè w. Nou gendwa pataje enfòmasyon ou yo tou lè sa nesesè pou diminye yon gwo menas k ap rive sou sa ki konsène sante oubyen sekirite.

Nan sitiyasyon sa yo, nou pa janm pataje enfòmasyon ou yo amwenske ou ban n pèmasyon alekri :

- Pou maketin.
- Vann enfòmasyon ou yo.
- Laplipa nan pataj nòt sikoterapi.

Nan sitiyasyon yon leve fon :

- Nou gendwa kontakte w pou kesyon lefe fon, men w ka mande pou n pa kontakte w ankò.

Itilizasyon e pataj nou fè

Kòman nou jeneralman itilize oubyen pataje enfòmasyon sou sante w?

Nou jeneralman itilize oubyen pataje enfòmasyon sou sante w nan sikonstans ki make annapre yo.

Ba w tretman	Nou ka itilize enfòmasyon sou sante w e pataje yo avèk lòt pwofesyonèl k ap ba w swen.	Egzanp : <i>Yon doktè k ap ba w swen pou yon blesi mande lòt doktè enfòmasyon sou sante w an jeneral.</i>
Dirije òganizasyon nou an	Nou ka itilize e pataje enfòmasyon sou sante w pou n jere kabinè nou a, amelyore swen ou yo e kontakte w lè sa nesesè.	Egzanp : <i>Nou itilize enfòmasyon sou sante w pou n jere tretman e sèvis ou resevwa.</i>
Fakti pou sèvis	Nou ka itilize e pataje enfòmasyon sou sante w pou faktire e resevwa peman nan men plan asirans medikal oubyen lòt antite.	Egzanp : <i>Nou bay asirans medikal ou a enfòmasyon sou ou pou l peye pou sèvis ou resevwa.</i>
Kontakte w	Nou gendwa itilize enfòmasyon sou sante w pou n kontakte w avèk enstriksyon sou enfòmasyon sou tretman e swen suivi oubyen avèk enfòmasyon sou sèvis nou founi.	Egzanp : <i>Nou gendwa kontakte w osijè pwograme oubyen anile randevou, enskripsyon oubyen mizajou sou asirans, faktirasyon oubyen peman, evalyasyon anvan yon pwosedi, rezilta ankèt sou satisfaksyon oubyen rezilta tès.</i>

Ki lòt jan nou ka itilize oubyen pataje enfòmasyon sou sante w?

Nou gen otorizasyon oubyen n oblije pataje enfòmasyon ou yo lòt jan - jeneralman yon fason ki kontribye nan byen piblik la, tèlke sante piblik e rechèch. Nou dwe satisfè plizyè kondisyon legal anvan n ka pataje enfòmasyon ou yo pou sa. Pou ransèyman siplemantè, monte nan :

www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/index.html.

Èd sou sa ki konsène sante e sekirite piblik	Nou ka pataje enfòmasyon sou sante w nan sèten sitiyasyon tèlke : • Prevni maladi. • Ede nan rapèl pwodui fabrik fè. • Siyale reyaksyon ki pa t vle nan yon medikaman. • Siyale abi, neglijan, oubyen brutalite lakay ki sispèk. • Pou evite oubyen diminye yon gwo menas grav pou sante oubyen sekirite yon moun.
Fè rechèch	Nou ka itilize oubyen pataje enfòmasyon ou yo pou rechèch medikal. Nan pifò sitiyasyon, enfòmasyon ki ka idantifye w te retire avan yo te ka pataje ; si sa pa posib, enfòmasyon yo ap sèlman pataje avèk konsantman eklere ou a.
Konfòme avèk lalwa	Nou pral pataje enfòmasyon ou yo si yon lwa eta oubyen federal egzije sa, an kontan ministè sante e sèvis sosyal si l vle wè nou obeyi lwa federal sou konfidansyalite.
Reponn demann pou don ògàn e don tisi	Nou ka pataje enfòmasyon sou sante w avèk òganizasyon ki founi ògàn.
Travay avèk yon medsen lejis oubyen direktè ponp finèb	Nou ka pataje enfòmasyon sou sante w avèk yon doktè ki egzamine kadav, medsen lejis, oubyen direktè ponp finèb lè yon moun mouri.

Reponn demann workers compensation, fòs de lòd, e lòt demann gouvènmantal	Nou ka itilize oubyen pataje enfòmasyon sou sante w : • Pou reklamasyon workers compensation. • Pou rezon fòs de lòd oubyen avèk yon ajan fòs de lòd. • Avèk ajans pou fè siveyans sante pou aktivite lalwa otorize. • Pou fonksyon gouvènmantal espesyal tèlke lame, sekirite nasyonal, e sèvis pwoteksyon prezidansyèl.
Reponn pousuit jidisyè e aksyon an jistis	Nou ka pataje enfòmasyon sou sante w depi sa konsène òdonans yon tribinal oubyen administratif, oubyen asiyasyon pou konparèt (amwenske nòm eta pi strik yo aplike pou anpeche pataj sa yo).

Nou jeneralman mande pou w bay otorizasyon alekri oubyen pou n gen òdonans yon jij anvan pou n pataje sèten enfòmasyon sansib sou ou tèlke :

- Dosye sou itilizasyon bwason alkolize e dwòg. Tanpri, note lwa e règleman federal pwoteje konfidansyalite dosye pasyan sou itilizasyon sibstans. Gen sou paj 10 avi sila yon rezime sou lwa e règleman federal yo. Nou ankouraje w revwa yo avèk anpil atansyon
- Enfòmasyon sou sa ki konsène SIDA, ARC, oubyen VIH, ansanm ak men se pa senpleman estati oubyen rezilta tèl, kèlkeswa si rezilta tèl yo te pozitif oubyen negatif.
- Maladi ki transmèt nan fè sèks.
- Rezilta tèl jenetik.
- Konsantman pou fè yon avòtman.
- Konsèy pou vitim brutalite klakay oubyen agresyon seksyèl.
- Sèten dokimantasyon sou sikoterapi.
- Kominikasyon avèk founisè swen mantal e anplwaye sèvis sosyal.

Responsablite nou yo

- Lalwa egzije pou yo prezève konfidansyalite e sekirite enfòmasyon pèsonèl sou sante w ki pwoteje.
- N ap enfòme w rapid sizoka gen yon vyolasyon ki gendwa konpwomèt konfidansyalite oubyen sekirite enfòmasyon ou yo.
- Nou dwe respekte obligasyon e pratik sou sa ki konfidansyalite ki make nan avi sila e ba w yon kopi tou.
- Nou p ap itilize oubyen pataje enfòmasyon ou yo pase jan li dekri isit la amwenske ou di n sa alekri. Si w di nou kapab, ou gendwa chanje lide nenpòt lè w vle. Kite n konnen alekri si w chanje lide.

Pou enfòmasyon siplemantè monte nan :

www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/noticepp.html.

Pou konbyen tan n ap kenbe enfòmasyon ou yo?

Nou anrejistre enfòmasyon sou sante sou papyè, sou fòm elektwonik, oubyen fòm fotografik e n kenbe yo pandan 20 lane apre egzèyat ou a oubyen apre dènye tretman w. Lòt dosye yo ap konsève an vèti lwa oubyen règleman eta oubyen federal. Yon kopi direktif nou yo sou konsèvasyon dosye medikal disponib lè w mande pou li.

Chanjman nan tèm avi a

Nou ka chanje tèm avi sila, e chanjman yo ap an vigè sou tout enfòmasyon nou gen sou ou. Nouvo avi a ap disponib depi w mande pou li, nan biwo nou a, e nan sit entènèt nou a.

Plent

Si w kwè te gen vyolasyon konfidansyalite w, ou gendwa depoze yon plent ban nou oubyen bay sekretè ministè sante e sèvis sosyal Etazini Damerik (Secretary of the U.S. Department of Health and Human Services). Pou depoze yon plent ban nou, kontakte Chief Compliance Officer nan 1881 Worcester Road, Framingham, MA 01701 oubyen CCO@Advocates.org. Tout plent dwe soumèt alekri. Ou ka kontakte ajan nou an sou konfidansyalite (Privacy Officer) nan nimewo 877 296-5432, e l ap ede w ekri plent ou an si w bezwen li ede w fè sa. Nou pa t pran okenn reprezay kont ou pou yon plent ou depoze.

Kominike avè n

Si w vle poze kesyon sou avi sou konfidansyalite a, kontakte tanpri :

Chèf konfòmite entèvenan yo (Advocates Chief Compliance Officer)

Telefòn : 877-296-5432

Imèl : CCO@Advocates.org

Pou mande pou dosye medikal, kontakte :

Records Center

1881 Worcester Road

Framingham, MA 01701

Telefòn : 508-628-6300

Imèl : RecordsCenter@Advocates.org

Dat avi sa a an vigè se mèkredi 21 fevriye 2024.

Konfidansyalite dosye tretman pou toksikomani

Dwa e chwa ou gen : Konfidansyalite dosye pasyan k ap suiv tretman pou toksikomani nou gen pwoteje an vèti lwa e règleman federal. 42 U.S.C. § 290dd-2, 42 U.S.C. 290ee-3, e 42 C.F.R. Part 2 (pati 2). Pati 2 bay yon pwoteksyon federal pi strik pase lòt lwa sou konfidansyalite medikal, e avèk detwa eksepsyon, egzije pou gen otorizasyon pasyan an pou fè pataj enfòmasyon sou sante ki pwoteje menm pou kesyon tretman, peman, oubyen operasyon swen medikal. Chak pataj enfòmasyon ki fèt avèk otorizasyon w alekri ap gen avi bay moun ki resevwa enfòmasyon yo ki di li entèdi pou fè pataj enfòmasyon ou yo amwenske li make nan otorizasyon alekri ou bay la oubyen jan li otreman otorize nan pati 2 a. Si w vle pèmèt nou pataje enfòmasyon sansib ou yo avèk lòt founisè oubyen antite ekstèn nan enterè kowòdinasyon swen, ou ka siyen yon fòmilè konsantman ki presize avèk kiyès nou gendwa fè pataj la.

Itilizasyon e pataj ki pèmèt : Tanpri, konnen lwa federal la pèmèt nou pataje dosye ou yo sou tretman pou abi sibstans san w pa bay pèmision w alekri pou sitiyasyon sa yo :

- An vèti yon akò avèk yon òganizasyon de sèvis oubyen yon patnè komèsyal kalifye.
- Bay estaf kalifye nan rechèch.
- Pou rezon verifikasyon oubyen evalyasyon pwogram.
- Pou siyale yon krim swa nan lokal pwogram pati 2 entèvenan yo oubyen kont tout estaf entèvenan ki travay pou youn nan pwogram abi dwòg oubyen bwason alkolize nan pwogram pati 2 a.
- Bay estaf medikal nan yon ijans medikal.
- Pou otorite eta oubyen lokal apwopriye yo pou siyale abi oubyen neglijan yon timoun ki ta sispèk.
- Jan òdonans yon tribinal pèmèt sa.

Lè gen yon sitiyasyon sou yon kriz, gendwa gen yon mank konfidansyalite pou asire ou sekirize. Nan tout sitiyasyon, enfòmasyon yo gendwa sèlman pataje nan mezli nesesè.

Li enpòtan pou note ou gendwa detanzantan wè estaf entèvenan nan pwogram pou konbat abi dwòg oubyen bwason alkolize (estaf pwogram pati 2) an piblik. Estaf pwogram pati 2 nou a pa p pwoche w an piblik. Sepandan, si w wè yon

manm estaf pwogram pati 2 a an piblik e w ta renmen pale ak li, ou gendwa pwoche l men konnen sa gendwa fè ou pa anonim nan pwogram lan ankò.

Siyale yon vyolasyon : Konnen tanpri vyolasyon lwa federal la e seksyon 2 nan règleman yo se yon krim e vyolasyon ki sispèk gendwa siyale jan li make annapre a :

Yon vyolasyon seksyon 2 a gendwa siyale bay :

- Liy asistans telefonik anonim sou konfòmite entèvenan yo (Compliance Hotline at Advocates) nan nimewo (877) 296-5432
- Responsab konfidansyalite a nan Advocates :
privacyofficer@advocates.org
- Pwokirè Etazini Dasmerik (United States Attorney) nan United States Attorney's Office John Joseph Moakley U.S. Courthouse
- One Courthouse Way, Suite 9200, Boston, MA 02210, ATTN: Duty Paralegal (parajiris ki de sèvis).
- Biwo Substance Abuse and Mental Health Services Administration (SAMHSA) pou
- jesyon pwogram tretman pou opyoyid nan : jan responsab konfòmite pwogram pou tretman opyoyid SAMHSA, kontakte
- SAMHSA Center for Substance Abuse Treatment (CSAT) nan **866-BUP-CSAT** (866-287-2728) oubyen nan infobuprenorphine@samhsa.hhs.gov.

Rekonèt ou resevwa avi sou konfidansyalite a

Lè m siyen non m annapre a, mwen, (non moun ki sèvi a) _____, rekonèt mwen resevwa yon kopi (*non òganizasyon an*) _____ Avi sou konfidansyalite ki an vigè aktyèlman. Mwen li e mwen konprann kondisyon ki make nan avi a e mwen te gen opòtinite pou m poze kesyon sou itilizasyon oubyen pataj enfòmasyon sou sante m.

Siyati moun ki sèvi a oubyen reprezantan pèsònèl la (si gen youn)

Dat

Ekri avèk lèt detache non reprezantan pèsònèl la

Kisa li ye pou moun ki sèvi a

SEKSYON REZÈVE POU BIWO A

Avi sou konfidansyalite remèt bay moun lan le (*dat la*) _____ pa :

- ☐ Reyinyon fasafas
- ☐ Lapòs
- ☐ Imèl
- ☐ Lòt : _____

Enposib pou jwenn konsantman alekri e yon rekonesans poutèt :

- ☐ Moun ki sèvi a oubyen reprezantan legal la refize siyen
- ☐ Verifikasyon imèl la resevwa
- ☐ Lòt : _____

Non e tit estaf la : _____

Siyati estaf la : _____

Dat : _____

Klase fòmilè a nan dosye